# li dox ci diggante nit ki ak bokkaale ak kéefar mooy bàyyi julli

Jële nañu ci Jaabir -yal na ko Yàlla dollee gërëm- mu wax ne: dégg naa Yónente bi -yal na ko Yàlla dolli xéewal ak mucc- muy wax naan: «li dox ci diggante nit ki ak bokkaale ak kéefar mooy bàyyi julli».
[Wér na] [Muslim soloo na ko]

Yónente bi -yal na ko Yàlla dolli xéewal ak mucc- day moytondikuloo bàyyi julli gu ñu faratal, mu xamle ne li dox ci diggante nit ki ak tàbbi ci bokkaale ak kéefar mooy bàyyi julli, julli mooy ñaareelu ponk ci ponki Lislaam yi, te mbiram dafa màgg ci Lislaam, ku ko bàyyi ngir weddi ag waram kooku weddi na Yàlla ci dëppoog woroom xam-xami jullit ñi, ku ko bàyyi ba fàww nag ngir doyadal ko ak tàyyeel, ab yéefar la, te tuxal nañu ne Sahaaba yi dëppoo nañu ci loolu, bu dee da koy bàyyi leeg-leeg di julli leeg-leeg kooku ki ñu gaaral tëkku gu tar gii la.



النجاة الخيرية
ALNAJAT CHARITY
لجنة الدعوة الإلكترونية
EDC E-Da'wah Committee